
Нур
6+
Нур
Нур
11
2018

Илъэс 90



*Сурэтыр зыщlар Црым Русланщ*

### *Заур дадэ и дыгъэ*

***Дыгъэеджэ фхуищlу, фыадыгэгурэ анэдэлъхубзэ дахэр фlурылъу, фыlущыцэрэ щlэныгъэм фыщехъулlэу, хабзэ фхэлъу фыкъэхъуну хъуапсэу дунейм тетащ дадэр. Усаклуэу, псысэусу, зэдзэкlаклуэу фхуэлэжьа Нало Заур къигъэна тхыгъэ лъапlэхэм феджэу, фыгурыхуэу, дыгъэр гуапэу къыфтепсэу, фи гум дыгъэ къыщепсу тхьэм фыкъигъэхъу.***

### *Нало Заур и гукъэкlыж*

Ди адэм и куэщl сису ди пырхъуэ дэкlуеипlэм сытест. Сыплъэмэ, ди пщlантlэ удзыпцlэм къаз шыр цlыкlу куэд хэст хъуакlуэу, удзыпэр къыпачрэ зэреlэм пхэщlкlэ къигъэтlысыжу. Згъэщlэгъуащ:

«Папэ, мор сыт»? – жысlэу сыщеупщlым, «Ахэр джэджьейщ», – жиlащ. Сыдэплъейри, апхуэдэу гъуэжьу уафэм зыгуэр кlэрысти, «джэджьей» жысlэри lэпэ хуэсшиящ. «Ар джэджьейкъым, делэ цlыкlу, дыгъэщ», – жиlащ.

«Дыгъэ» псалъэр япэ дыдэ щызэхэсхар абдежщ, си гум къызэринэжари ди адэм зэрыжиlа щlыкlэращ. Кхъуакlэ lуту апхуэдэт а дыгъэр. Ди хадэми дыгъэ цlыкlу, кхъуакlэхэр lуту, башым фlэсыжу иту щызолъагъу: «дыгъэ» жызоlэ.

«Ар дыгъэкъым, делэ цlыкlу, ар сэхуран гъэгъащ», – жи. Иджы а псалъищыр зэпхауэ си гум итlысхьауэ зызохьэ, згъэкlуэдынкlэ lэмал имыlэу. Абыхэм нэхъ дахэ дунейм темыту къысщохъу.

***НАЛО Заур***

## ДЫГЪЭЕДЖЭ

Дыгъэ нэкlуплъ,
Дарииплъ джанэ,
Уи джанэр щыхи къыщlэкl,
Ди жыг щхьэкlэм къитlысхьэ,
Къитlысхьи къытхэпсэ,
Псы архъуанэр гъэхуабэ,
Губгъуэ мэракlуэр гъэхъу,
Хъарбыз хъуа къэгъэкl,
Ди чыцlым и натlэм къебзей!

## НАНЭ И ПСЭ, ДАДЭ И БЗЭ

Сэ си нанэр папэ янэщ,
И псэр адыгэпсэщ.
Сэ си дадэр папэ ядэщ,
И бзэр адыгэбзэщ.

Адыгэпсэ – нанэ и псэ,
Сыту упсэ дахэ!
Адыгэбзэ – дадэ и бзэ,
Сыту убзэ дахэ!

Фщlэрэ фэ а бзэм и лlыгъэр?
Ар йопсалъэ дыгъэм.
Сыту фlыщэт уэ ди дыгъэр
Узэрыадыгэр!



## ДЫГЪЭКЪЭШЭЖ

Дыгъэ, дыгъэ, къепс, къепс!
Дыгъэ нур, къепс, къепс!
Уи псыр хъушэм ирафыр,
Уи шыгъу фалъэр яшхыжыр.

Дыгъэ, дыгъэ, къепс, къепс!
Дыгъэ нур, къепс, къепс!
Ди псэр тхуэгъэхуабэ,
Губгъуэр тхуэгъэдахэ!

Дыгъэ, дыгъэ, къепс, къепс!
Дыгъэ нур, къепс, къепс!
Мэш къыщахым умыкIуэ,
ГъуэгурыкIуэ уемыIэ,
Си псэр уэзгъэшхынщ!

## АДЫГЭБЗЭР МЭБЗЭРАБЗЭ

Адыгэбзэр убзэрабзэм,
Уафэ къащхъуэм зеукъэбзыр.

Дыгъэ джылыр къыщIокIыжри,
Бзум усэныр ягу къокIыжри,

Удзхэр вагъуэу зэдогъагъэ,
ИригуфIэу я дахагъэм.

Ди джэд къомыр зэдокъакъэ,
КъытхуакIэцIри дыщэ къакъэ.

Мамэ нэхъри мэхъур гуапи
Дегъэшх IэфIу лэкъум хуабэ.

# ЛЫГЪЭ ЗЭХЭГЪЭКIЫПIЭ

*Налшык еджапIэ № 3-м  и 8 «Б» классым щеджэ* ***Мэрзей Къантемыр, Тербулатов Ислъам, Мэздэгу Имран*** *сымэ Налшык къалэ администрацэм къыбгъэдэкIыу «Псым итхьэлэр къыщрагъэлым ягъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ папщIэ» ЩIыхь тхылъ кърататщ, къэралым и дамыгъэ лъапIэм хуагъэлъэгъуащ.*

Фокlадэм и 18-м дерс нэужьым унэм кIуэжу Мэрзей Къантемыр, Тербулатов Ислъам, Мэздэгу Имран сымэ псыежэхымкIэ здыблэкIым къалъэгъуащ мыбэуэжу псым хэлъ цIыхухъур. Ахэр нэпкъым елъэщ, лIыр псым къыхалъэфыжри Iуфэм къахьащ. ЩIалэ цIыкIуитIым ар къагъэбэуэну и ужь итыху, ещанэм «Дэlэпыкъуэгъу псынщIэ» къриджащ, арыххэуи, дэтхэнэ меданри лIым и дежкIэ зэрыпсэзэпылъхьэпIэр къызыгурыIуэ школакIуэхэм машинэ блэжхэм Iэ хуащIу щIадзащ – псынщIэу сымаджэщым нагъэсын хуейт. «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и машинэ блэжу къарихьэлIар къагъэувыIэщ, псым къыхахыжа цIыхухъур абыкIэ сымаджэщым нашэсри, къырагъэлащ!

ЕджакIуэхэм я фIыщIэ тхылъхэр щаритыжым,къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Бэрокъуэ Эдуард лIыхъужьхэм ехъуэхъури, жиIащ: «Мы щIалищым яхэлъ гушхуэныгъэр, къалъыкъуэкIа хахуагъэр унагъуэмрэ школымрэ щагъуэт гъэсэныгъэ тэмэмым и фIыгъэщ, цIыхугъэм и щапхъэ нэсщ».

***НАФIЭДЗ Мухьэмэд***



*Къэрэшей-Шэрджэсым къратхыкI*

# ШЫIЭ ЗИIЭМ НАСЫП ИIЭЩ

*ЩАКIУЭГЪУЭМ И 4-Р ЦIЫХУБЭ ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ И МАХУЭШХУЭЩ*

## ШыIэныгъэм и къежьапIэр

ЦIыхум и хьэл-щэныр сабиигъуэм къыщожьэ,зыхэт дунейм къыхокI,зыгъасэ адэ-анэм къабгъэдокI...

Гъащlэ гъуэгур икlуху, гугъуехь куэдым цlыхур lуощlэ, псэзэпылъхьэпlэ щихуэ щыlэу. Атlэ апхуэдиз гугъуехьым цlыхур пхызыш шыlэныгъэр – ар къаруушхуэкъэ, аракъэ хьэл-щэну щыlэм я нэхъыфlыр?! Абы и къарур зыхэмылъыр гъащlэм гугъу щохь, и lуэхухэр щlагъуэу кlуатэркъым. «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тlыс» – жиlащ пасэрейм,шыlэныгъэ зыхэмылъ цlыхум lэщlэщlэ мыхъумыщlагъэхэм гу лърагъэтэжу.

*«Уэ си Iэ, зыIэжьэ, уэ си жьэ, зыубыд» –къыджезыIэ псалъэжьым дегъэIущ*

## Егъэджакlуэхэр си щапхъэщ

Сэ еджапIэм сыщоджэри ди егъэджакIуэхэм лIыгъэу яхэлъыр солъагъу, согъэщIагъуэ, щапхъэ къатызох. Куэдрэ гу лъызотэ ахэр зэрешым, зэрызэгуэпым, зэрызашыIэм. СогъэщIагъуэ,сропагэ, срогушхуэ шыIэныгъэ зыхэлъ егъэджакIуэхэр ди пащхьэм щапхъэфIу зэритым... махуэ къэс. Iэдэбу, щэху дерсхэр къыдбгъэдалъхьэ, псоми гулъытэ къытхуащI. Лlыгъэшхуэ зэрахьэ! Сэ си къару къихьыну пIэрэт апхуэдэ?..

## ШыIэныгъэр – фlыгъуэщ

Унагъуэм деж къыщемыжьэ щыIэ?! Ди унагъуэм нэрыбгэу щIэсым шыIэныгъэ тхэлъщ, зыр зым дедаIуэу дызэдопсэури, сэри ди адэ-анэм жаIэр пылъхьэншэу согъэзащIэ. Дэлъху нэхъыщIэ цIыкIум и дерсхэр шыIэныгъэ схэлъу изогъэщIыж, ныбжьэгъухэм я гъусэу джэгуакIуэ сыкIуэну сыхуейми, зыхузогъэшэчри унагъуэмкIэ Iуэхуу диIэр япэ изогъэщ. Сызыхуэмей Iуэхури нэхъыжьым я унафэмэ, шыIэныгъэ схэлъу гунэсу солэжь. Куэдрэ къызжеIэ си анэшхуэм: «Адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ Iэдэб, шыIэныгъэ, лIыгъэ зыхэлъу къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъхэм ящыщщи, уэри шыIэныгъэ пхэлъмэ, уахуэфэщэнщ икIи къыпщхьэпэжынщ».

## Си хэку

Зи хэкур фIыуэ зымылъагъу щыIэ?! Си псэм щыщщ Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэр. Абы и дахагъэмрэ и беягъэмрэ къэIуэтэгъуейщ. Лъэпкъ куэд щопсэу ди республикэм. Сэ сызэрегупсысымкIэ, шыIэныгъэ тхэлъу, дызэгурыIуэу лъэпкъыу хъуар дызэдэпсэун хуейщ. Ин сыхъуу лэжьэн щIэздзэмэ, сэ сыпылъынущ си щэн-Iэдэбыр нэхъри зэрезгъэфIэкIуэным; си Хэкум, си лъэпкъым сэбэпынагъ къызэрыхуэсхьынум и ужь ситынущ. ШыIэныгъэ тхэлъу псори дызэдэпсэумэ, ди дунейри мамырынкъэ! Уи щхьэм хуэдэу, адрейхэри фIыуэ плъагъун хуейуэ къызолъытэ.

И насыпщ шыIэныгъэ зыхэлъым!

***БОРЭНЫКЪУЭ Каринэ,***
8 класс, Куэшхьэблэ,
Амирокъуэ И. и цIэр зезыхьэ
гимназием и еджакIуэ.
ЕгъэджакIуэр: ***ЛИЙ Мае***

Гъудэбадзэхэмрэ
хьэпщхупщхэмрэ
я дунейм дыхохьэ




## АРГЪУЕЙМРЭ ЖЫГЫМРЭ

Аргъуей гуэр жьым ирихьэжьауэ ихьырт.
Ипэкlэ плъэри езым хуэзанщlэу зы Жыг щыту къилъэгъуащ.
– Ей-ей, текl си гъуэгум, узоуд! – жиlэри Аргъуейр Жыгым егуоуащ.
Арщхьэкlэ Жыгым зигъэхъеякъым.
Жыгыр дыкьуакъуэти Аргъуейр абы и зэхуакумкlэ дихри ежьэжащ.
Абы иужькlэ зыкъигъазэри Жыгым къыщlэкlиящ:
– Бжесlатэкъэ текl жысlэри, мис иджы узэгуэзудащ!

## БАДЗЭМРЭ ВЫЖЬЫМРЭ




Выжьыр, пщlэнтlэпсыр къежэхыу, и бзэгур къилэлу вэрт. Бадзэжьыр вы бжьакъуэм тесу къекlуэкlырт. Ауэрэ здекlуэкlым, зы Гъудэ блэлъэтырти, вы бжьакъуэм тес Бадзэм еупщlащ:

Сыт нэхъ уи лэжьыгъэ иджы, си ныбжьэгъу? – жиlэри.

– Довэ, плъагъуркъэ, си ныбжьэгъу, довэ! – жиlащ вы бжьакъуэм тесу екlуэкl Бадзэм.



# ЛIЫМРЭ ХЪУМПIЭЩIЭДЖЫМРЭ

Зы ЛIы гуэр гъуэгу тету здэкIуэм, гуэдз хьэдзэ зыхь ХъумпIэцIэджым IущIащ.

– Мыр сыт, ХъумпIэцIэдж, мы плъэфыр?

– Шхын солъэф.

– АтIэ, уи щхьэр щхьэ апхуэдизу гъум?

– Акъыл ильщи.

– АтIэ, уи плIэр щхьэ бгъуэ?

– Къару схэльщи.

– АтIэ, уи бгыр сыту псыгъуэ?

– МащIэ сошхри.

– АтIэ, мы гуэдз хьэдзэр сыт хуэдизкIэ урикъуну?

– ИлъэситIкIэ.

ЛIым ар и фIэщ хъуртэкъым. Згъэунэхунщ, жиIэри ХъумпIэцIэджымрэ гуэдз хьэдзэмрэ унэм къихьщ, кхъуэщыным ирилъхьэри и щхьэр игъэбыдэжащ.

Илъэс дэкIащ.

ИлъэситI дэкIащ.

Илъэсищ дэкIащ.

Илъэс еплIанэр и зэхуэдитIым фIэкIауэ лIым игу къэкIыжащ ХъумпIэцIэджыр. Кхъуэщыныр къищтэщ, и щхьэр Iуихщ, Iэнэм триIубэри, ХъумпIэцIэджым щIыгъуу гуэдз хьэдзэ ныкъуэр къихужащ. ЛIым ар тельыджэ щохъу:

– Мыр дауэ, гуэдз хьэдзэр илъэситIтэкъэ узэрырикъуну жыпIар? Гуэдз ныкъуэм фIэкIа щхьэ умышхарэ?

– Си щхьэм акъыл ильти аращ. Уэ илъэсиплIым нэскIэ гъэру сыпIыгъащ, ар илъэситIым сшхыжамэ, силIыхьатэкъэ уи гъэрэщым.

ЛIыр укIытащ... ХъумпIэцIэджыр иутIыпщыжащ.

*Зэзыдзэкlам къыбгъэдэкlыу*

***Чуковский Корней*** и «Муха-Цокотуха» усэр гукlэ зымыщlэ сабийр щlэныгъэншэу ябж. Гъэсакlуэхэм я нэ къыхуикlт ар адыгэбзэкlэ цlыкlухэм ирагъащlэу театру ягъэлъэгъуэнуи, я лъэlур дгъэзэщlащ. Гъудэбадзэ куэд хэдгъэхьащ, езы Цокотухэ и цlэри нэхъ жыlэгъуафlэу яхуэздзэкlащ.

*Аброкъуэ Беллэ*

# ЦЫКЪЭЦЫКЪЭ БАДЗЭ



**Цыкъэцыкъэ Бадзэ,**
**Бадзэ дарий набдзэ.**

Бадзэ губгъуэм къихутащ,
Кlуэурэ ахъшэ къигъуэтащ.

Бэзэракlуэ Бадзэр макlуэ,
Сэмэвар къещэхури, джакlуэ
Хохьэ:-Щlэхыу, тэрэкъанхэ,
Гъуанэдэсхэ, унэ къанхэ,
Фыкъеблагъэ, фызэхуэс,
Шей фефэнумэ, фыкъэс!

Бжьэи, бжьыдзи, бадзи,мацlи,
Пкlауи,цlыви, тут хьэпlацlи
Къокlуэ, къопкlэ,къолъэ,къос,
Шей ефакlуэ къызэхуос.

…Зи lумацlэ имыкl Мацlэ
Хьэлыгъуанэу щы къылъос.
Цыкъэ дахэуэ бадзапцlэ
И махуэшхуэм хъуэхъухэр лъос:
**– Иугъащlэ гуащэ набдзэ!**
**– Иугъащlэ Цыкъэ бадзэ!**

Бжьыдзэ цlыкlухэм загъэщlагъуэ,
Цыкъэцыкъэ зегъэлъагъуэ,
Лэрыпс лыду шырыкъу дахэ,
Тlыркъэ-сыркъэу, къыхуахьащ.

…Бжьэпщ Мелисэ дахэ
Бадзэм фо кърет.

«Хьэндырабгъуэ нагъуэ,
Ушхэркъэ, дамабгъуэ?
Мыр балиипс lэфlщ,
lэфlыр уи lум фlэфlщ.

…Хьэмэ зумыпэсрэ?
Дыкъызумыпэсрэ?..

Мис абдежым Бэджыжь цIыкIу,
Лъакъуэ бацэу дадэжь цIыкIу
Къосыр. Бадзэр епх,Iуелъэф,
КъуэгъэнапIэмкIэ елъэф.
Зи махуэшхуэр хуейщ илIыну,
Лъыуэ щIэтыр ирифыну.

«Псэм пэсщIа си хьэщIэ лъапIэ,
Сивмыгъахуэ бэджыхъ лIапIэ.
Сыкъевгъэл! – мэлъаIуэ бадзэр,–
И щхьэр пыфхи, вгъалIэ бацэр!
**Фызгъэшхатэкъэ сэ,**
**Фызгъэтхъатэкъэ сэ,**
**Фыкъызэплъуэрэ фэ**
**СывгъэлIэнура фэ?!.»**

Арщхьэ цIыви, цIэи, мацIи,
ХъумпIэцIэджи, мэлхьэпIатIи
ЩтапIэ ихуэу зэбгырож ,
Къуолъэ, къуопщхьэ, щIопщхьэ, Iуож…
Щышынащи Бэджыжь ябгэм,
ТеуIуэжкъым зыри и бгъэм.
ЛIыгъэ лъэпкъ яхэмылъыж,
Зи махуэшхуэм емыплъыж.

ЦIыху цIыкIу хуэдэ, ПкIауэ пкIатэ,
ПкIэрэ-лъэуэ пкIатэлъатэ,
Къуацэчыцэхэм хопкIэж…
Бгъуэтмэ – къащтэ, мыпкIэтэж.

Арщхьэ Бэджыр мыгушыIэ,
Дарий дамэр егъэгуIэ.
Шэрэз дыдыр гум хихуащ,
ЩIэфу, и лъым щыщ ефащ.

…Бадзэр гуIэурэ мэлъаIуэ,
Бэджыр гуфIэурэ мэлъахъэ…

УитI! Аргъуейуэ зы пэцIурэ,
Жэщ уэздыгъэр игъэцIууэ,
Мис абдежым къыкъуолъэт,
Вуурэ-вууэ уэм пхолъэт.





– Дэнэ щыIэ лъыиф гъуамэр?
Хупысхыни и щхьэ гъумыр.
Сыщышынэркъым.– И ней!
Ибгынауэ фыбж дунейр! –
Кърепхъуэтри сэшхуэ – джатэ,
Бэджым вууэ щхьэщолъатэ,
Уэгъуэм и щхьэр пегъэлъэт,
И псэ гъуамэр хегъэлъэт.

Цыкъэ гуащэр итIэтауэ,
И гуи-и пси дихьэхауэ,
Аргъуей хахуэу а пэ дыд
Дахэм и Iэр еубыд:

« Бэджу ябгэр сэ сукIащ
УкъыIэщIэсхыну,
Гуащэ набдзэ, сыпхьэхуащ.
Уэ …укъыздэкIуэну?»

Гъуанэдэсхэр къыкъуоплъыж,
Къолъэтэж бжьэпщ нанэ.
Пабжьэ кIырым къыхопкIыж
Пкъыуэу ПкIауэ пкIатэ.

Хьэпщхупщ псори къогуфIэж,
Ягу къохьэж зелъатэм.
Зэдежьууэ зэподжэж:
«ИугъащIэ хахуэм!»
**«Аргъуей лIыхъужь хахуэм!»**
**«Аргъуей щауэ махуэм!»**

ЦIырэ-цIырэхэр къэсащ,
МафIэр ягъэцIуу.
Дунеишхуэр гуфIэжащ,
ЦIыргъуш зэщIэвуу.

– Тут хьэпIацIэ лъапцIэхэ,
Маржэ, зифч, фынэс!
Пшынэеуэ бжьапцIэхэр
«Шууэ» къэфхь. Къэвгъэс!
**…Iэгу! Лъэгу! Джэгу!**

Бэрэбанэ гъуахъуэм
ЩIылъэр егъэзджыздж.
– Iэгу, жи! – Аргъуей хахуэм
Бадзэр къегъэудж.

**…ТIэрэ-тIэрэ-тIэрэрам –**
**ЦIызу, пIыву, вууэ,**
Къофэ-къофэ,– тIэрэрам,
Хуарзэу, хурсэу, зууэ**…**

Шыбадзэ зелъатэм
Хъун Iэгур долъалъэ.
ЦIыв тIыбжьэ ныбапцIэр
Мэшбэвым егъапцIэ…
**…Быргуэ-сыргуэ! Дыгу-дыгу-дыгу!**
**Быргуэ-быргуэ! Iэгу! Лъэгу! Джэгу!**

Тоуэ Гъудэр, топкIэ МацIэр,
ЦIэм ещI лъапэрисэ.
Мэшбэв пIывым итхьэкъуауэ
ЦIывми хетIэ-хесэ!

ХъумпIэцIэджыр доуджэкI
И гуащэжь ХъумпIарэ,
Арщхьэ и нэр хуоджэгуэкI
Хьэндырабгъуэ Барэ…

…Нэхур щыхукIэ зэхэтынщ
Вууэ гъудэбадзэр.
И гуфIэгъуэр даIэтынщ
Цыкъэцыкъэ Бадзэ.





# Дыгъэм деж хьэщӀапӀэ

Еуэри, зэгуэрым зы пшэжь къакIуэри уафэм зриубгъуащ. Дыгъэр махуищкIэ дунейм къытехьакъым. Джэджьейхэр дыгъэпсым хуэзэшащ. Лъыхъуэну ежьащ.






Арати, дыгъэр уэгум къоувэж – къабзэу, бзыгъэу, дыщафэу. ДэнэкIи хуабэ, нэху хъужащ. Дыгъэм зригъэуну джэдыр къыщIокI. КъыщIокIри мэкъакъэ, джэджьейхэм йоджэ. Джэджьейхэри къосыж. ПщIантIэм къажыхьри дэтщ, щыкъун мэлъыхъуэ, дыгъэм зрагъэу. Зи фIэщ мыхъур феплъ: пщIантIэм къажыхьу дэт хьэмэрэ дэмыт?

Зыгъэхьэзырар ***ХЬЭЛИЛЭ М.***

ЦӀыкӀураш

# АДЫГЭБЗЭМ И ПСАЛЪЭХЭР ДОГЪЭДЖЭГУ

**1** ЗэпэплӀимэхэм ифтхэну псалъэхэр зы хьэрфкӀэ зэщхьэщызыгъэкӀ метаграммэхэр къафщӀэ. Псалъэхэр лэжьыгъэхэм къабгъэдэт зэпэплӀимэхэм ифтхэ.

«Дж»-р къысхэтмэ –
Сыабдж джафэщ.
«Д»-кӀэ ар зэпхъуэкӀмэ –
Сэ сыбзаджэ гуэрщ.
«Н»-кӀэ зэпхъуэкӀыжмэ –
Нэз зыгуэрым сыхуэхъунщ.
«С»-р къысхэгъэуви,
Лэжьэгъуфӏ сыхъунщ.

«Ц»-р къысхэтмэ –
Гъурцу сыкъыщӀокӀ.
ПлӀанэпэхэм языхэзщ,
«П»-кӀэ ар зэпхъуэкӀмэ.
Ӏуээу, чэнжу дэха уэхщ,
«КӀ»-р къысхэбгъэувэмэ.
«Ж»-кӀэ зэпхъуэкӀыжмэ –
Фи жылэжьыр арщ.

**2** Псалъэхэр къызэрыщӀидзэмрэ зэриухымрэ зэтехуэу псалъипщӀ къэфхь. *ДэӀэпыкъуэгъу:* япэ псалъитхур къызэрыщӀидзэри зэриухри хьэрф зэгуэтщ, адреитхум хьэрф зэгуэт хэткъым.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |
| | ы | р | ы | |

**3** Чырбыш цІыкІухэм тет псалъэхэм хэт хьэрфхэр зэблэвдзурэ псалъэщІэ къэвгъэхъу. Ахэр къабгъэдэтхэм тефтхэ.

- благъэ
- джафэ
- гъэужь
- бжьэф
- бзыгъэ



**4** ***Мэкъумэш, къаплъэн, щхьэмыж, фІамыщІ, уэрам, щомыщ, номин, шынакъ, жьынду, бабыщ, ныбжь, щІыІуб, мэз, жэм*** псалъэхэр псалъэзэблэдзым ифтхэж.

*Зэрыгъуэзэн:* Зы псалъэм и кІэухыр адрейм и щІэдзапІэщ! Ахэр гъуэжьу къыхэгъэщащ. Къызэрыщ1эвдзэн хуей хьэрфымрэ зэрывухынумрэ итщ.






Зэныбжьэгъуу гу зылъыфта псэущхьэхэм теухуа хъыбар цІыкІухэр къытхуевгъэхь.

*Жэуапхэр «Нурым» и къыкІэлъыкІуэ номерым тетынущ.*

Зыгъэхьэзырар
**БЕКЪАН Масирэтщ**

# Къэтыкъуэ тIуащIэ



**1779 гъэм мазиблкIэ щхьэхъумэж зауэ щекIуэкIащ Псыхъурей и Iэгъуэблагъэм. А зауэ гуащIэм адыгэпщрэ уэркъыу цIыху минищэ хэкIуэдащ.**

*Пъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыта зауэлIхэм хуагъэува фэеплъыр зи IэдакъэщIэкIыр* ***ГЪУЩIАПЩЭ Арсенщ.***





*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
**«НУР»**

Издается
С 1 января 1982 года
№ 11 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Корректор
***А. КАРМОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
06.11. 2018 г.
Выход в свет 27.11. 2018 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2185 экз.
Заказ № 225
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.